



# The Commonwealth of Massachusetts

## Depatman Edikasyon Bonè ak Swen Massachusetts

| Politik                                          |                                                                                                 |
|--------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Fèmti Demann Abandone nan<br/>BRC Manager</b> | <b>Kontwòl Dosye Antesedan (pase<br/>moun nan) – Tout Pwogram ki<br/>Lisansye ak Finanse yo</b> |
| Dat Antre an Vigè: 1ye fevriye<br>2024           |                                                                                                 |

EEC te etabli politik sa a konsènan fèmti demann abandone pou Verifikasyon Antesedan yo (BRC) nan BRC Manager a pou asire lis aplikan BRC ki annatant yo ajou epi li gen ladan sèlman aplikan yo te pran anprent yo.

Kounye a, pwogram yo pa gen kapasite pou anile oswa retire yon demann BRC yon fwa yo soumèt li nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a. Anplwaye BRC yo pa ka kontinye pwosesis BRC a pou kandida yo pa t pran anprent yo, kidonk aplikan ki abandone BRC yo san yo pa pran anprent yo rete endefiniman nan sistèm BRC Manager a.

EEC pral fèmen demann BRC yo nan BRC Manager 120 jou apre soumisyon an si kandida a pa te bay anprent li nan moman sa a.

Politik sa a pral afekte demann BRC pou tout kandida ki deja egziste, pami yo kandida ki deja egziste ki nan yon estati kondisyonèl oswa renouvèlman. Yo dwe retire kandida ki nan estati kondisyonèl oswa renouvèlman ki gen BRC yo fèmen dapre règleman sa a nan pwogram nan nan lespas 14 jou.